



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 15 MILYON DOLA NAN NIAGARA FALLS**

***Reyitilizasyon adapte batiman istorik lekòl, presbitè ak kouvan Sakre Kè kreye 39 apatman nan pri abòdab***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke konstriksyon True Bethel Commons, yon reyitilizasyon adapte 15 milyon dola ansyen bilding istorik lekòl, presbitè ak kouvan Sakre Kè ki vid yo sou South Avenue k ap pwodui 39 apatman abòdab nan Niagara Falls, fini kounye a.

"Li tèlman gratifyan pou nou wè moniman istorik katye tankou Sakre Kè rejwenn yon objektif renouvle kòm lojman abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Transfòmasyon sa a sèvi kòm yon egzantp sou fason patenarya piblik ak prive ka travay ansanm pou benefisyè kominote New York yo epi kreye nouvo kote pou moun viv ak leve yon fanmi".

Apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa. Uti apatman pral byen aksesib ak adapte pou moun ki gen bezwen fizik endividyèl. Vil Niagara Falls pral bay 24 kupon chwa lojman seksyon 8 ki baze sou pwojè a pou rezidan yo.

Konplèks Sakre Kè nan Niagara Falls, ki gen dat ane 1850 yo epi ki te elaji plizyè fwa, twouve l nan Rejis Eta ak Federal Lokal Istorik yo. Konsepsyon reyitilizasyon adapte a prezève karaktè bilding yo, sa gen ladan koridò laj lekòl, planche an terrazzo, fenèt travès, gwo travay chapant ak vitray avèk plon epitou repare yon gwo pati nan sant espòtif la.

Devlopman an satisfè egzijans Enteprize Green Communities ak tout apatman yo gen ladan fou ak founo, frijidè ak ekleraj ki efikas pou enèji. Ekipman bilding lan gen ladan yon sal kominotè ki gen yon pati kwizin, lakou, depo pou bisikilèt, sal òdinatè ak sal lesiv nan chak bilding.

True Bethel Commons sitiye toupre lekòl, sant swen sante, sèvis minisipal, etablisman komèsyal, makèt, famasi, bibliyotèk ak pak piblik yo. Lokal South Avenue a bay aksè dirèk nan plizyè wout transpò piblik tou.

Belmont Housing Resources for WNY, Inc. se devlopè a nan patenarya avèk True Community Development Corporation.

Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te bay 8 milyon dola nan Kredi Taks Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ak 2.4 milyon dola kòm sibvansyon. Anplis de sa, pwojè a resevwa 2.4 milyon dola nan kredi taks federal ak 2.4 milyon dola nan kredi enpo reyabilitasyon istorik eta a. Bank Federal Prè pou Lojman nan New York (Federal Home Loan Bank of New York) te bay 390,000 dola atravè Evans Bank epi vil Niagara Falls te kontribiye 50,000 dola nan fon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè pou depans devlopman an.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "True Bethel Commons ajoute 39 bèl kay inik nan pri abòdab epi li pral soufle nouvo lavi nan Sakre Kè epi pèmèt pwopriyete sa a kontinye sèvi jenerasyon fanmi yo. Felisitasyon pou Belmont Housing, True Bethel Baptist Church ak vil Niagara Falls pou efò jenere ak koperativ yo pou planifye, finanse epi, nan pi move moman pandemi an, mete devlopman sa a sou wout pou fini".

Depi 2017, HCR te dedye plis pase 535 milyon dola nan resous pou finanse 52 pwojè rezidansyèl pou plizyè fanmi avèk yon depans total pou devlopman ki se 1.3 milya dola ak 4,900 apatman nan pri abòdab nan Rejyon Lwès New York la.

**Erik Kulleseid, Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare,** "Pwojè reitilizasyon adapte tankou True Bethel Commons ede demontre kapasite nou antanke Nouyòkè pou fè pwojè anbisye yo vin reyalye atravè investisman kreyatif nan enfrastrikti nou ki egziste deja. Lè nou itilize kredi taks istorik federal ak eta a epi reyabilite yon bilding ki te vid nan vil Niagara Falls, pwojè kolaborasyon sa a pral non sèlman bay lojman abòdab ki nesèsè anpil, men se tou yon re-investisman nan kominote a. Nou kontan fè pati efò sa yo."

Eta New York kontinye dirije nasyon an nan itilizasyon kredi taks istorik yo, avèk 4.5 milya dola nan depans reyabilitasyon total soti nan ane 2017-2021. Depi 2011, pwogram kredi taks istorik la te ankouraje plis pase 12 milya dola nan depans pwojè nan Eta New York, sa ki kreye gwo investisman ak nouvo djòb. Dapre yon rapò, ant 2017-2021 kredi yo nan Eta New York te jenere 69,769 djòb epi te pwodwi plis pase 1.3 milya dola nan taks lokal, eta ak federal yo.

Rejis Eta ak Nasyonal yo se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, bagay ak sit enpòtan nan listwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 pwopriyete istorik toupatou nan eta a ki nan Rejis Nasyonal Lye Istorik la, endividyèlman oswa tankou eleman nan distrik istorik yo. Mèt pwopriyete yo, minisipalite yo, ak òganizasyon yo nan kominote toupatou nan eta a sipòte nominasyon yo.

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Chak rezidan Niagara Falls merite aksè ak yon lojman ki an sekirite ak nan pri abòdab, epi mwen fyè dèske Kredi

Taks Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba te founi plizyè milyon dola ki nesèsè pou transfòme bilding lekòl, presbitè ak kouvan vid sa yo pou tounen plizyè douzèn nouvo apatman akseksib ki nann pri abòdab pou rezidan ak fanmi yo", Senatè Schumer te deklare. "Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul paske l ogmante aksè nan lojman ki nan pri abòdab atravè Empire State, epi mwen pral kontinye batay pou m founi resous federal pou poze fondasyon pou yon avni meyè pou Lwès New York".

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "True Bethel Commons se yon bèl egzanp sou fason pwogram devlopman federal yo ak kredi taks yo ka byen itilize pou revitalize ak satisfè bezwen Niagara Falls ak Lwès New York. Vin posib avèk yon konbinezon Kredi Taks Istorik federal yo, Kredi Taks pou Moun ki gen Revni Fèb yo, Finansman Global Devlopman Kominotè, ak yon prim Bank Federal Prè pou Lojman, pwojè a ki te dirije pa True Community Development ak Belmont Housing, reponn a yon bezwen ijan pou lojman nan pri abòdab pandan l ap resisite yon nouvo kominote nan sa ki te nan tan pase ansyen kanpis legliz la".

**Senatè Eta a Rob Ortz te deklare,** "Pandan eta nou an kontinye ap fè fas ak yon kriz lojman k ap grandi, nouvo apatman nan pri abòdab sa yo pral fè yon diferans imedya nan kominote nou an. Lè mwen te patisipe nan inogirasyon pwojè sa a, tout patnè nou yo te konnen ke li t ap mande detèminasyon ak vizyon pou atenn yon transfòmasyon avèk siksè nan pwopriyete sa a. Jodi a, mwen fyè de travay la ki fini. Mwen vle remèsye tout moun ki te enplike nan reyalizasyon objektif sa a ak lidè yo ki te gen vizyon pou transfòme ansyen kanpis Sakre Kè a, ki te antreprann anpil travay pou reyamenaje li pou tounen yon lojman modèn, efikas ak abòdab pou moun ka jwi pandan plizyè ane k ap vini yo".

**Manm Asanble Angelo Morinello te deklare,** "Felisitasyon Belmont Housing Resources of WNY pou gwo ouvèti True Bethel Commons. Pwojè sa a montre kijan anbisyon ak travay ann ekip kapab pote yon chanjman pozitif reyèl nan yon kominote. Mwen ta renmen remèsye NYS Homes and Community Renewal, NYS Department of Parks, vil Niagara Falls, ak tout lòt patnè yo paske yo kreye 39 nouvo kay ki nesèsè anpil".

**Reprezantan Jeffrey Elder, Asanble Lejislatif Konte Niagara 4yèm Distri, te deklare,** "Aksè a lojman bon kalite ki abòdab se pa sèlman yon bezwen vital, men li se yon eleman vital tou pou fè yon kominote pwospere. Mwen trè rekonesan anvè devlopè, achitèk, kontraktè yo ak tout pwofesyonèl devwe yo ki te pèmèt pwojè sa a rive reyalize".

**Majistra Robert Restaino te deklare,** "Adisyon True Bethel Commons nan kominote nou an kreye opòtinite siplemantè kòm yon modèl pou devlopman alavni. Nou apresye tout travay tout patnè nou yo pou konplete pwojè sa a".

**Janice McKinnie, Direktè Egzekitif True CDC; Evèk Darius G. Pridgen, TBBC; ak Pastè Craig D. Pridgen, Kanpis TBBC-NF, te deklare,** "Nou rekonesan konsènan

opòtinite pou nou bay rezidan yo lojman nan vil Niagara Falls, NY. Se enterè ak misyon kontinyèl nou pou asire fanmi yo ak kominote yo kapab gen yon kote pou yo rele lakay yo".

**Vis Prezidan Egzekitif Belmont Housing Resources, Brad Packard, te deklare,** "Achèvnab pwojè sa a make yon lòt pa an avan ankò nan revitalizasyon vil Niagara Falls. True Bethel Commons non sèlman ofri bon jan kalite lojman nan pri abòdab pou rezidan zòn nan, men li prezève tou gwo byen istorik nan kominote nou an. Nou vle espesyalman remèsye patnè devlopman nou an, True Community Development Corporation, pou vizyon yo ak angajman yo genyen pou fè avanse pwojè enpòtan sa a. Retablisman ak renesans kanpis istorik sa a sèvi kòm yon temwayaj sa ki ka akonpli lè resous lokal, eta ak federal yo itilize nan objektif komen pou founi lojman nan pri abòdab. Nou remèsye tout patnè finansman nou yo ki te jwe yon wòl enpòtan nan asire siksè devlopman sa a ak ekspansyon misyon prensipal nou an".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)